

Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**JE WÈ,
BOUCH FÈT POU PALE**

Mwa Janvye rive Mas 2016

58

*Texte en français : voir pages 3 et 13
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyón Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyón Jistis ak Lapè Achidiosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se ak yon santiman kè sote n ap prezante n 58yèm rapò sou zak vyalans k ap souke zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa ki pase nan premye trimès lane 2016.

Sitiyasyon politik tèt chaje peyi a ap viv, mennen dèyè l anpil latwoublay. Sa bay lisans pou bandi fè zak vyalans san kè sote nenpòt kote nan zòn metwopolitèn nan. Jounen jodi a pa gen okenn kote nan zòn metwopolitèn nan yon sitwayen kapab sikile pou l santi l li an sekirite. **Nou pran egzanp enspektè polis Jean Louis PLACIDE, bandi sou moto touye devan pòt mize MIPANA, toupre Palè nasyonal la, epi lapolis pa menm rive jwenn bandi sa yo. Sa a se yon egzanp pamí plizyè santèn lòt ki grav nou ta kab prezante. Kesyón n ap poze : si nan perimèt Palè nasyonal peyi a pa gen sekirite reyèl, ki kote nan 27.750 kilomèt kare peyia a yon sitwayen ap jwenn li ? Ki kontwòl enfòmasyon lapolis genyen nan dejwe atak vyalans?** Sekirite se youn nan poto mitan devlòpman tout sosyete. Pou kisa sitwayen k ap peye taks pa kapab jwenn li ? Se devwa Leta pou l garanti l, selon sa Konstitisyon peyi a mande.

Jodi a, zòn metwopolitèn nan ap viv anpil latwoublay nan zafè ensekirite. Anpil sitwayen ak sitwayèn ap viv tankou prizonye nan zòn yo, kote se bandi k ap fè lalwa, tankou : Tibwa, Delwi, Gran Ravin, Simon ak Pele, Site Solèy, Santo, Kwadèboukè, Kafou, Mawotyè, Wane 87, Akachon 32, Ti Sous nan Maryani, Ray, Lasalin, Kwabosal ak lòt kote nou pa site toujou. Anpil katye popilè chape anba kontwòl lapolis. **Sitiyasyon sila a vyole dwa sitwayen pou viv nan yon kote ki gen sekirite.**

Van enstabilite politik k ap soufle sou peyi a depi kèk tan mennen anpil konsekans grav pou pèp la. Chak jou lavi sanble fini. Sitwayen yo ap viv nan kondisyon ki degrade yo. Dwa yo vyole nan tout sans. Otorite yo pa manifeste volonte pou chanje kondisyon lavi pèp la. Koripsyon, rakèt, kontrebann, gagòt se modpas pratik pou fè lajan fasil, epi pèp la pa ka jwenn sa ki pi piti pou li viv tankou moun. Leta ayisyen rive nan yon nivo kote li pa garanti okenn dwa pou mete konfyans lakay sitwayen yo.

Jodi a, n ap poze kesyon sa yo : Eske li nòmal depi privilèj tout gwo chèf rive satisfè, ti pèp la mèt mouri ? Depi gwo chèf fin touche, ti anplwaye mèt gen plizyè mwa yo pa touche sa pa di yo anyen ? N ap asiste ak grèv k ap fèt nan tout lopital Leta yo ki nan peyi a. Divès moun pèdi lavi yo nan sitiayson sa a san okenn respè pou dwa yo. Kisa otorite yo fè ak dwa pou moun gen lasante ? Komisyón Jistis ak Lapè kwè pi gwo ijans ki genyen se pèmèt pèp ayisyen an viv byen. Konkèt sa a dwe fèt avèk otorite k ap poze aksyon kòrèk.

Sekretarya Komisyon an remèsyé tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li déjà ap di n mèsi pou bonjan atansyon n ap bay 58yèm rapò sila a.

Lettre ouverte aux Autorités civiles, judiciaires et policières du pays

La Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix, en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est avec beaucoup de peine qu'elle présente son 58^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Ce rapport rend compte sur les faits qui se sont passés au cours du premier trimestre de l'année 2016.

La situation politique troublée qui règne dans le pays permet aux bandits de tout poil d'opérer sans crainte n'importe où dans la zone métropolitaine. Aujourd'hui, il n'existe aucun endroit dans la zone métropolitaine où le citoyen peut circuler en toute quiétude. **Prenons comme exemple le cas de l'inspecteur de police Jean Louis PLACIDE abattu par des bandits à moto devant l'entrée du musée du Panthéon national (MUPANAH) à proximité du Palais national. La police n'a même pas pu retracer les bandits. Ceci est un exemple parmi des centaines d'autres plus graves encore que nous pourrions présenter. La question qui se pose : si aux abords du Palais national la sécurité n'est pas assurée, alors, dans quel endroit sur les 27.750 kilomètres carrés du territoire, un citoyen pourra la trouver ?** De quel contrôle d'information dispose la police pour déjouer des attaques criminelles ? La sécurité est un des piliers du développement dans toute société ; pourquoi le citoyen qui paie ses taxes, ne peut-il pas la jouir ? C'est le devoir de l'Etat de la garantir, selon la Constitution du pays.

Entre temps, la zone métropolitaine traverse des moments difficiles en matière de sécurité. De nombreux citoyens et citoyennes se font prisonniers dans leur zone, où des bandits imposent leur loi, comme à Ti Bois, Delouis, Grande Ravine, Simon-Pelé, Cité Soleil, Santo, Croix-des-Bouquets, Carrefour, Mahotières, Waney 87, Arcachon 32, Petite Source à Mariani, Route Raille, La Saline, Croix-des-Bossales, pour ne citer que ces zones là. Plusieurs quartiers populaires échappent au contrôle de la police. Cette situation constitue une violation des droits des citoyens à vivre en sécurisé.

Le vent d'instabilité politique qui souffle dans le pays depuis des années entraîne des conséquences graves pour la population. Chaque jour la vie semble s'éteindre. Les citoyens vivent des conditions dégradantes ; leurs droits sont violés à tous les points de vue. Les autorités ne manifestent aucune volonté pour changer la vie du peuple haïtien. **La corruption, les raquettes, la contrebande, les tromperies sont les maîtres mots pour qualifier les pratiques pour faire de l'argent sal, alors que le peuple ne trouve même pas le minimum pour subsister.** L'Etat haïtien est arrivé à un degré où il ne peut plus garantir aucun des droits afin de mettre les citoyens et citoyennes en confiance.

Les questions qu'on se pose : Est-il normal que les autorités ne cherchent qu'à satisfaire leurs priviléges, et qu'ils fassent fi de l'agonie du peuple ? Est-il normal que les autorités trouvent leurs salaires à temps alors que les petit-e-s employé-e-s ne puissent pas recevoir leurs modestes rémunérations même après plusieurs mois de travail? Aujourd'hui tous les hôpitaux de l'Etat sont en grève. Les gens meurent par manque de soins et de respect de leurs droits. Que signifie pour l'autorité le droit à la santé de la population, et qu'est-ce qu'on fait pour y satisfaire ? La Commission Justice et Paix croit que le bonheur du peuple haïtien est le plus grand bien à poursuivre. Ceci exige des actions concrètes de la part des responsables.

Le Secrétariat de la Commission remercie les instances de l'État qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH.

La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 58^{ième} rapport.

Mme Jocelyne COLAS NOËL, Directrice Nationale

Jocelyn RENORD, Secrétaire général Jilap Achipo


Me. Rovelsond APOLLON, Av, Responsable d'observation

Tablo mwa janvye rive mas 2016

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa Janvye 44 Viktim	Mwa Fevriye 147 Viktim	Mwa Mas 91 viktim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		2	6	4
Fanm ki viktim		4	11	5
Timoun ki viktim		1	2	2
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		24	102	65
b. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		29	88	69
	Moun ki mouri ak ballapolis/ Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	2	4	21
	Moun ki mouri ak balbandi ki nan gang	7	50	2
	Viktim afwontman ant gang	5	-	-
	Moun ki mouri ak balnèg ak zam y opa rive idantife	15	34	33
Moun ki touyetèt yo		-	1	2
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		1	10	11
Moun ki mouri nan aksidan		5	2	6
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sayo pa konnen	Mwa fevriye : 45 viktim alkòl frelate	9	46	3
c. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		-	-	1
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		15	50	20
Zòn Kafou		1	6	16
Gran Ravin ak Matisan		5	-	7
Petyonvil, wout Frè		2	-	4
Zòn yo pa konnen		17	17	1
d. Sou kèk lòt sikonsans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		1	4	3
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	3



58yèm rapò sou vyolans nan zòn metropolitèn nan Analiz ak kòmantè

Men ki sa k atire atansyon n

Nan premye trimès 2016, Komisyen Jistics ak Lapè **dokimante 282 ka kote moun mouri ak vyolans. Pami viktим yo, 186 mouri ak bal, 2 moun mouri pou pipiti chak jou.** Nan trimès anvan an, te gen 253 viktим, nan yo 227 ak bal. Sa montre aklè: vyolans ak zam toujou yon reyalite ki make lavi sosyete a.

Pami pakèt viktим nan mwa fevriye, genyen **45 ki mouri ak alkòl ki te gen pwazon ladan l** (alkòl metil, jan yo rele l).

Anpil polisye mouri kòm viktим : 12. Sa atire atansyon n tou. Nou prezante kondoleyans nou bay kò lapolis la.

Nan mwa fevriye te genyen 3 asasina chak jou pou pi piti.

Lè n gade otè krim yo : pou 66 ka, yo di : se « moun yo pa konnen kilès », pou 53 lòt, yo di : « se bandi, manm gang ak zam ».

Zam blanch parèt pou 22 asasinay. Toujou, nou konte 3 moun ki touye tèt yo.

81 viktим te tonbe nan Site Solèy ak zòn ki antoure l yo. Men kesyon an : Ki sa k te rive nan Site Solèy ? Ki kote vyolans sa a sòti ? Ki kote otorite Leta yo ye lè yon bagay konsa fèt ?

Klima vyolans fè moun viv ak laperèz nan kè yo

Ou ta di enstitisyon yo ki la pou mete lòd kite lari ak katye yo nan zòn metropolitèn nan pou kò yo, yo abandone yo; sèl sa yo fè se bay otorite k ap deplase sekirite. Gen yon bagay moun pa dwe blye: ensekirite se pa sèl lè gen asasina ak vyolans k ap fèt, men tou y ap menase moun, yo brake zam sou moun, yo vòlò moun pandan y ap menase ak zam. Menm elèv lekòl viktим vòl ak menas sa yo.

An n gade sa pi pre:

- ❖ Bandi asasinan ak bal yon enspektè lapolis ki rele Jean Louis Placide, pandan 1 te nan machin li apre 1 te soti labank. Se bandi sou moto ki touye l. Yo kontinye ap atake moun ki sòti labank souvan; se yon bagay ki bay kè sote.
- ❖ Gen yon ensidan regretab ki rive ant de (2) polisye, kote youn touye lòt la ak 5 bal nan yon diskisyon pou yon plat fritay. Zak sila a montre gen nan pami polisye yo ki pa metrize tèt yo, ki pa kontwole santiman yo. Fòmasyon nesesè pou yo kapab fè fas ak tout kalite sitiyasyon ki bay gwo estrès nan travay yo.
- ❖ Bandi kidnape de (2) timoun ki te genyen 8 ak 11 lane. Sa fèt nan Santo, pandan yo ta pral lekòl. Bandi yo asasinan yo apre paran yo te bay 50.000 goud pou te libere yo. Kidnapin toujou rete yon mak ak yon defi yo dwe konbat. Yo te kidnape M^{me} Chilo tou, epi yo te jwenn kadav li nan yon sitèn dlo.
- ❖ Bandi touye anpil moun nan mache Kwabosal. Gwo espas sila a, kote anpil moun ap fè komès, se kote anpil bandi kache, ki mele nan tout kalite zak. Men, nou pa wè yon plan sekirite pou pwoteje ti machann yo, ki viktим anba atak ak zam, anba dife ak lòt bagay tou.

Samdi 5 mas 2016, yo kenbe yon jèn gason ki t ap komèt yon vòl. Yo kenbe l men nan sak, epi yo renmèt li nan men lapolis. Yon « nèg ak zam yo pa idantifye » tire l ak yon bal nan tèt, epi li blese yon lòt jèn. Sa fèt devan pòtay kolèj Kanado-Ayisyen, Tijo. Sa fèt devan pakèt temwen : direksyon Kolèj la, elèv, moun k ap vann nan lari, el. Eske se yon krim, san yo pa konnen kilès. Oubyen èske se yon egzekisyon somè ? Eske se yon polisye an civil, oubyen yon civil ak zam ? Antouka, lapolis ak sosyete a genyen tout enterè pou klarifye kesyon an ... li enpòtan pou otorite yo retire tout dout ki kab genyen nan ka sa a, paske li pa alawotè sa lapolis ak Lajistis dwe ye ak sa yo dwe fè nan yon ka konsa.

- ❖ 45 moun mouri apre yo te bwè yon alkòl ki te gen pwazon ladan 1. Nouvèl la te pale anpil nan zòn nan pandan trimès la. Men sa n wè: diferan enstitisyon yo mete sou pye pou pwoteje sante piblik moun, tankou Ministè Komès ak Endistri, Minsitè Agrikilti ak Ministè Sante piblik, yo tout fè echèk nan sa k misyon yo. Men nan ka alkòl la n ap pale a, kilès ki dènye reskonsab la? Oubyen èske pèp Ayisyen an lage nan yon savann pou kont kò l?

Pou refleksyon n

Asire Sekirite Biblik an Ayiti: Se yon bagay ki dwe fèt prese prese, nan non defans dwa moun

Lè n pale sou Sekirite Biblik, nou pale sou yon anviwònman kote moun santi yo an sekirite, kòm rezulta yon seri dispozisyon Leta mete sou pye pou pwoteje sitwayen ak sitwayèn yo. Men nan peyi a, lè n gade an jeneral, kad sa a kote moun te dwe santi yo an sekirite, li bay kè sote. Paske pi piti sa k nesesè pou pwoteje lavi ak byen sitwayen ak sitwayèn yo manke. Enstitisyon yo ki la pou ranpli wòl sa a an degraba ak nan dezòd jeneral.

Lè n pale sou Sekirite Biblik, nou dwe gade sou de (2) gwo enstitisyon sa yo: Lapolis ak Lakomin. Reyalize sekirite, kè poze ak trankilate popilasyon an ta dwe pi gwo preyokipasyon pou lameri nan kolaborasyon ak lapolis. Nan peyi d Ayiti, manke bon jan tèt ansanm ak kolaborasyon ant de (2) enstitisyon sa yo ki ta dwe mete tèt yo ansanm pou gen bon jan sekirite.

Gen moman ak evènman kote ensekirite fè moun sezi toutbon, kote yo enkyete. Konsa gen aksidan sou wout k ap fêt toutan, san pa gen okenn otorite k ap pran okenn desizyon pou korije tout neglijans nan domèn trafik woutye. Se menm bagay ak zafè ensandi k ap deklare toutan nan mache piblik yo epi ki dekapitalize ti kòmèsan yo (ki fè yo pèdi tout lajan komès) yo genyen. Sa k pi grav, peyi a menm pa genyen yon sèvis pou konbat dife epi pou reponn kalite ijans sa yo.

Peyi a frajil. Sitiyasyon sa a nan yon degre ki pa gen non, paske tout bagay vin tounen ijans ki mande yon repons prese prese. Pratik politik dirijan yo fè moun blyie si se moun yo ye, paske konsekans pratik politik sa yo fè pèp Ayisyen an pi fèb ak vilnerab toujou.

Ki wòl lameri genyen nan tout sa ?

Lameri ap dirije yon kolektivite territoryal, yo rele komin. Misyon 1 se satisfè bezwen popilasyon lokal la genyen. Wòl ak tach li yo anpil nan domèn òganize espas yo ak lojman moun; nan domèn edikasyon lekòl; pou kreye aktivite kiltirèl; nan domèn lasante, pou asire asistans sosyal epi pou òganize lapolis minisipal. Majistra a reprezante Leta nan nivo lokal lakomin, se li ki alatèt administrasyon kominal la, li veye pou lapolis kominal fè travay li kòmsadwa; li veye sou tout lòt sèvis yo tou.

Men gen sitiyasyon ki fè poze kesyon sou vrè wòl lameri a genyen, paske souvan li absan nan plizyè sèvis ki sanse pou li. Konsa, genyen anpil pale k ap fêt sou movèz eta fizik ak movèz kondisyon sekirite ki genyen nan komin yo, ak tout majistra yo ki premye reskonsab pou jesyon an. Move jesyon sa a mare ak enstabilite politik Repiblik la ap viv depi byen lontan. Pou komin yo ak vil yo mache byen, fòk lameri yo angaje tèt yo toutbon. Bòn gouvenans lokal se pwen ki pi enpòtan an pou kolektivite yo kapab jwenn wout devlopman an.

Pwoblèm jesyon kada lè yo asasin moun nan lari, twòtwa kote moun pa kab pase, tout kalite fatra k ap menase lasante moun, twou yo toupatou nan lari, sèvis teknik lakomin yo ki pa fè travay yo, el. ... tousa se rezulta sèvis nan lameri yo ki pa fonksyone. Sa twouble sekirite piblik la. An n gade kèk egzanp atravè peyi a nan dènye trimès sa a:

- Nan lanwit 17 mas 2016, se toujis popilasyon an sove legliz Notredam Lanativite (nan Dam Mari, nan Grandans).
- Jou ki 17 mas 2016, dife te pran nan yon estasyon gazolin nan vil Hench; si yo te reyisi metrize dife a, se gras ak gwo mobilizasyon popilasyon an.
- Nan menm mwa mas 2016 la yon dife ki te pran nan yon ponp gaz nan Leyogàn te lakòz divès moun boule.
- Dife mete panik nan vil Petyonvil, jou ki 4 avril 2016.
- Nan lanwit mèkredi 23 rive jedi 24 mas 2016, yon dife eklate nan mache Kwa Bosal. Machann twal ak vyann te pèdi anpil, pou pa di tout sa yo genyen.

Plizyè fwa dife eklate nan mache piblik yo nan peyi a. Otorite yo gen kòm devwa pou pwoteje enterè ti machann. Li klè: pa gen volonte politik pou sa. Peyi a pa gen sèvis ponpye pou reponn ak ijans yo.

Men gen lòt bagay toujou ki konsènen lavi popilasyon an.

- Tout lajounen y ap pwomennen pwodui famasi nan lari, toupatou nan peyi a, kit yo bon kit yo pa bon, y ap vann toupatou. Kilès ki asire kontwòl pou yo pa nui lasante moun? Sitiyasyon an grav!
- Tout lajounen gen moun k ap vòlò kouvèti egou yo nan lari. Sa ki lakòz aksidan ap fêt chak jou nan lari. Otorite yo pa prann okenn desizyon pou korije sitiyasyon an. Se nan vòlò boulon, mank enspeksyon, epi gwo kamyon lou ki pase san kontwòl, pon ki sou Riviè Griz sou wout Nèf la finalman kraze.
- 45 moun mourir apre yo fin bwè alkòl ki gen pwazon ladan 1 (sa yo rele alkòl metil). Pokò genyen ankèt jidisyè ki louvri pou konnen ki kote bwason an sòti, ki sektè kontrebann ki te fè 1 antre nan peyi a, epi k ap anvayi mache lokal yo ak pwodui k ap touye moun. Eske nan kondisyon sa nou kapab pale sou yon sèvis efikas ki ta dwe egziste nan Ministè Enteryè ak nan Ministè Kòmès? Kilès k ap kontwole ki sa nan peyi a?

Ki kote Leta santral la ye ?

Ak dènye egzanp la, nou antre nan reskonsablite Leta santral la genyen akote sa lameri yo dwe fè. Se tout Leta ki dwe mobilize kont ensekirite popilasyon an ap viv. Leta santral la dwe kore lameri yo. Sa se desantralizasyon. An n gade kèk lòt egzanp toujou.

- Nan peyi a, reskonsab yo pa klè sou ki kalite sèvis yon lopital dwe genyen pou reponn ak tout kalite ijans ki konn parèt sanzatann nan nivo lokal, oswa nan nenpòt sitiayson. Eske tout lopital ki lopital pa ta dwe genyen yon sèvis ijans? Eske tout lopital prive yo pa ta dwe pran ankonsiderasyon ka malere ki pa gen lajan ?
- Sistèm pwoteksyon civil jan 1 fonksyone, ak tout bòn volonte ki genyen, pa kapab reponn ak ijans yo kòmsadwa, epoutan n ap viv nan yon peyi kote tout bagay se ijans.
- Peyizan yo travay di, men Leta pa genyen yon politik agrikòl pou fini ak depandans peyi a nan zafè lamanjay. Popilasyon an ap viv ensekirite alimantè, otorite ak elit yo ap mennen yon nivo lavi ki pa mande kòmantè, pito nou pa pale sou li.

Gen gwo danje k ap menase peyi a: tranbleman tè, tout kalite epidemi, siklòn, danje ak dwòg la ki kreye yon kalite ekonomi nan peyi a ki pa chita sou anyen, paske li pa pwodui anyen ki itil pou lavi moun. Nan zafè sa a yo lonje dwèt sou sektè prive a, sektè zafè nan peyi a, epitou sou plizyè politisyen ki jwenn avanyaj ak mwayen nan zafè a, paske yo mele nan tout kalite mannèv sal.

Dwòg la pa fasil pou montre aklè, menm si l pran peyi a pou li; Ann Ayiti pa gen katèl dwòg jan nou wè sa nan lòt peyi. Men dwòg la ap bay kòb pou gang ak gwoup (baz) ak zam. Li bay yo lajan ak zam; yo nan sèvis politisyen ki kowonpi epi k ap chèche pouvwa sèlman pou kouvrir tet yo.

- An n gade yon eskandal ki pokò pase lontan. Nan yon bato ki rele Manzanares, ki rejistre nan peyi Panama, lapolis te jwenn 77 kilo kokayin ak 10 kilo ewoyin. Bato a te rive Pòtoprens jou ki 5 avril 2015.

Leta depanse anpil lajan, men toutan y ap di pa gen mwayen pou bay sa pèp la bezwen. Mesye Youri Latortue, senatè Latibonit epi prezidan Komisyon pou lite kont koripsyon te deklare ta genyen yon valè 2 milya 220 milion dola meriken nan fon Petwo Karibe ki te fè chimen kwochi depi René Préval te prezidan peyi a, rive nan finisman prezidans Michel Joseph Martelly.

Leta, atravè enstitisyon ak sèvis li yo gen devwa pou garanti sekirite publik la. Se yon bagay moun dwe refize konprann lè n gade tout ka sa yo kote Leta ap vyole sekirite popilasyon an nan tout domèn, san pa gen anyen k ap fèt pou korije sa k manke pou satisfè bezwen sitwayen ak sitwayèn yo. Chak jou, otorite yo bay prèv yo pa sansib pou dwa popilasyon an genyen, epi yo refize garanti yo satisfè yo kòmsadwa. Ki sa otorite yo vle pou pèp Ayisyen an?

Me Rovelsond Apollon, Av

Rekòmandasyon Komisyon Jistis ak Lapè ap fè

1- Pou Leta kapab rive genyen yon vizyon pi klè sou kesyon sekirite a, Ministè Lajistis ak Ministè Enteryè dwe:

- Organize yon Asiz oswa yon fowòm sou sekirite piblik la, ak diferan aktè ki mele nan kesyon an, ansanm ak otorite yo ki genyen reskonsablite pou reyalize l.
- Elabore yon nouvèl apwòch sou zafè sekirite a. Apwòch sa a dwe antre pi fon nan sa k pase vrèman anndan sosyete a. Moun ki konn sosyoloji politik la kapab ede konprann sosyete a pi byen.
- Pwopoze epi mande palman an vote yon lwa sou zafè zam, ki dwe defini pi klè nan ki kondisyon moun kapab pote zam, konsa y ap kapab fè pi bon kontwòl.

2- Pou ankadre polisy yo pi byen, Ministè Lajistis ak Wo Kòmandman Lapolis dwe:

- Kreye yon sant kote yo kapab akonpaye polisy, gason ak fanm, ki gen pwoblèm sikolojik.
- Organize pi plis fòmasyon ki kontinye pou polisy, paegzanp nan domèn dwa moun.

3- Pou pwoteje mache piblik yo ak popilasyon an an jeneral kont dife, Palman dwe vote lwa pou:

- Kreye yon inite espesyal nan lapolis pou bay sekirite nan mache piblik yo.
- Organize yon kò ponpye espesyal ki atache ak mache piblik yo, ki gen materyèl pou sa, ki kapab reponn ak ijans yo chak fwa gen nesesite pou sa.
- Mete sou pye yon rezò kò ponpye otonòm ki anba reskonsablite otorite kominal yo, paske se lameri ki dwe veye sou bon fonksyònman yo.
- Mete sou pye yon sèvis enspeksyon ki pèmanan ki gen kòm wòl pou verifye fason yo kenbe nan depo pwodui chimik ki pran dife fasil, lè depo sa yo toupre yon mache piblik, nan magazen ak kote ki gen anpil moun.

4- Pou akonpaye epi ankadre pi byen moun nan popilasyon an ki viktim dife ak lòt aksidan, Ministè Afè Sosyal dwe:

- Prevwa pou prete kòb bay ti machann yo ki pèdi sa yo te genyen nan dife, oswa nan lòt aksidan ak katastwòf. Sa kab fèt ak sèvis bank BNC.
- Prevwa akonpayman nan domèn sikolojik pou ti machann ki viktim vyolans, katastwòf, aksidan oswa agresyon.

5- Pou asire gang pa kab sèvi ak timoun, epi asiste timoun yo yon fason ki respekte dwa yo, fòk Leta :

- Veye pou Enstiti pou Byennèt Sosyal (IBERS) aji yon fason ki alawotè misyon 1, ki se pwoteje timoun yo.
- Pran inisyativ pou retire timoun yo nan lari, tankou: kreye sant akèy, facilite pou yo kab ale lekòl, devlope aktivite pou timoun pa tounen nan lari ankò.
- Elabore ak vote bon lwa ki adapte pou pwoteje timoun yo.

6- Pou yo kapab fè pi bon analiz sou moun ki mouri anba vvolans nan lari, pou gen pi bon enfòmasyon ki kapab sèvi pou fè jjman nan tribinal, Lajistis dwe:

- Kontwole vrèman tout ka moun ki mouri anba vvolans nan lari, pou yo kab egzaminen ka yo.
- Mete sou pye enstiti mediko-legal la, epi ba l zouti ak mwayen pou l kab fè travay li.
- Aplike tou sa lalwa prevwa lè yon moun mouri anba vvolans.

7- Pou gen bon kontwòl sou diferan pwodui pou moun manje y ap vann nan peyi a, Leta dwe:

- Esplike devan sitwayen ak sitwayèn yo ki jan enspeksyon pwodui yo fèt: kilès ki reskonsab pou fè ki kalite kontwòl, ki Ministè k ap kontwole lè pwodui antre nan peyi a, lè pwodui yo antre nan mache a, ki kote kontwòl yo fèt? Ki sa k konpetans Ministè Komès ak Endistri, Ministè Agrikilti ansanm ak Ministè Sante Piblik?
- Mete sou pye yon pi bon kontwòl efikas sou diferan pwodui ki sòti nan lòt peyi epi k ap anvayi mache yo pa bò isit la, epi k ap fè eskandal tanzantan, k ap nwi sante moun san pa janm gen reskonsab.
- Kontwole tou diferan pwodui k ap fèt anndan peyi a, epi y ap vann nan mache yo.

CE-JILAP

Analyse et commentaire du 58^{ième} rapport de violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du trimestre

Au cours du trimestre la Commission a documenté 282 cas de victimes de la violence, dont 186 sont mortes par balles ; ce qui signifie au moins 2 assassinats par jour. Pour le trimestre précédent il y avait 253 victimes, dont 227 par balles. L'évidence est que la violence armée reste une réalité qui marque la vie de la société.

Parmi les victimes de la violence du mois de février, on compte les 45 victimes de l'alcool.

Le grand nombre de policiers attire notre attention :
12. La Commission présente sa sympathie.

Au mois de février on comptait au moins 3 assassinats par jour et 4 victimes de toutes les violences. Le mois de janvier semblait plus calme.

Pour ce qui concerne les auteurs : 68 cas sont perpétrés par des « auteurs non-identifiés », et 53 par des « bandits, membres de gangs ».

Les armes blanches comptent pour 22 assassinats. On a compté 3 suicides.

81 victimes sont tombées à Cité Soleil et ses environs. La question se pose : qu'est-ce qui se passe à Cité Soleil ? D'où vient cette violence et où est l'autorité étatique dans cette situation ?

Samedi 5 mars 2016, un jeune garçon pris lors d'un vol et remis à la police, a été assassiné de sang froid par « un inconnu armé », devant le portail de l'institution Canado-Haïtien (à Turgeau). Plusieurs personnes ont été témoins : la direction du Collège, des élèves, des marchand(e)s de rue.

« Auteur non-identifié » ou « exécution sommaire » par un policier ou civil armé ? La police et la société ont tout intérêt à ce que ce crime soit élucidé ... pour écarter toute suspicion afin de combattre l'impunité indigne de la police et de la Justice Haïtienne.

Le climat de violence fait que la peur habite les citoyens

Les rues de la zone métropolitaine semblent abandonnées par les forces de l'ordre, qui se limitent à sécuriser les déplacements des autorités. On ne saurait oublier que l'insécurité n'est pas seulement les assassinats violents, mais également les menaces et braquages avec armes, les vols à main armée. Même des élèves d'école ne sont plus à l'abri des vols et menaces.

Voyons de plus près :

- ❖ L'inspecteur de police Jean Louis Placide tué par balle à bord de son véhicule devant le musée du Panthéon national par des bandits à moto après une transaction bancaire. Les attaques après la sortie de la banque demeurent préoccupantes par leur fréquence.
- ❖ L'incident regrettable entre deux policiers où l'un d'entre eux a été tué de 5 balles pour un plat de « fritay ». Cet acte banal montre à quel point certains agents manquent de maîtrise de soi et le contrôle de leurs impulsions. La formation est nécessaire pour faire face aux situations de stress qui se présenteront inévitablement dans leur travail.
- ❖ Deux enfants âgés respectivement de 8 ans et de 11 ans ont été kidnappés à Santo en allant à l'école et puis tués par leurs ravisseurs après avoir reçu 50.000 gourdes comme rançon de leurs parents. Le kidnapping reste un grand fléau et un défi à combattre.
- ❖ M^{me} Chilo a également été kidnappée, puis laissée morte dans un bassin citerne.
- ❖ Au marché de la Croix-des-Bossales un nombre de personnes ont été tuées par des bandits. Ce grand espace commercial est un véritable repère pour des bandits qui font tout sauf le bien. On n'observe pas de plan de sécurité pour protéger les petits marchands et marchandes, victimes des attaques armées, des incendies et autres.
- ❖ 45 personnes sont décédées après avoir consommé de l'alcool frelaté. La nouvelle a secoué la zone métropolitaine au cours du trimestre. Le constat est que les institutions préposées à la protection de la santé publique, comme le Ministère du Commerce et de l'Industrie, le Ministère de l'Agriculture et le Ministère de la Santé Publique ont échoué dans leur mission. Quelle instance est l'ultime responsable dans ce cas précis ? Ou est-ce que le peuple serait livré à lui-même ?

Pour la réflexion

Garantir la Sécurité Publique :

Une urgence absolue au nom des droits humains en Haïti

La Sécurité Publique c'est l'environnement sécuritaire, construit à travers des dispositions mises en œuvre par un État pour protéger ses citoyens. Le cadre sécuritaire du pays est, de manière générale, lamentablement choquant, car il manque le nécessaire pour protéger efficacement et convenablement les vies et les biens des citoyens et citoyennes. Les institutions préposées à remplir ce rôle, se trouvent dans un état de désordre généralisé.

Si nous parlons de la Sécurité Publique, il faut voir deux grandes entités essentielles : la Police et la Municipalité. La sécurité, la sûreté et la tranquillité de la population devraient être les préoccupations majeures de la municipalité en étroite collaboration avec la police. En Haïti,

grand est le manque de cohésion et collaboration entre ces deux instances qui devraient constituer les agents principaux de la bonne réalisation de la sécurité.

Certains cas d'insécurité donnent le froid et l'inquiétude. Ainsi, il y a les accidents à répétition sur les routes, sans qu'aucune disposition importante ne soit prise par les instances pour corriger les négligences dans le trafic routier. C'est également le cas des incendies qui se déclarent de manière récurrente dans les marchés publics et qui décapitalisent les petits marchands. Le plus grave dans tout cela est que le pays ne dispose pas de service d'incendie pour répondre aux urgences.

Le niveau de vulnérabilité que vit le pays n'a pas de nom ; tout est urgent. Les pratiques politiques des dirigeants déshumanisent le citoyen haïtien, car les conséquences de ces pratiques politiques rendent encore plus vulnérable l'existence du peuple haïtien.

Quel est le rôle de la mairie ?

La mairie dirige une collectivité territoriale, appelée « commune » ; sa mission est de satisfaire aux besoins de la population locale. Ses attributions sont multiples : urbanisme et logement, éducation scolaire, activités culturelles, santé, aide sociale et police municipale. Le maire est le représentant de l'État dans la commune, il est le chef de l'administration communale, il veille à la bonne marche de la police municipale et les autres services.

Plusieurs situations font questionner le vrai rôle de la mairie qui est souvent absent en matière de services. Les commentaires ne manquent pas sur le mauvais état physique et sécuritaire des communes dont les maires sont les gestionnaires principaux. Cette mauvaise gestion est liée au paysage politique instable que vit la République depuis des lustres. La bonne marche des communes et des villes exigerait l'implication sérieuse des mairies. La bonne gouvernance locale est le pont essentiel pour mener la collectivité vers la voie du développement.

Le problème des cadavres dans les rues, les trottoirs obstrués, les immondices qui menacent la santé publique, les trous un peu partout, le dysfonctionnement du génie municipal, etc., révèlent l'absence de services au niveau des mairies, ce qui trouble la sécurité publique. Voyons des exemples.

- L'église de Notre-Dame de la Nativité à Dame Marie dans la Grand'Anse, a été sauvée de justesse par la diligence de la population, dans la nuit du 17 mars 2016.
- L'incendie de la station à essence de Hinche a finalement été neutralisé par la grande mobilisation des gens de la ville le 17 mars 2016.
- L'incendie dans une station à essence à Leogane a également fait des victimes au cours du mois de mars 2016
- Un incendie a paniqué la commune de Pétion ville le 4 avril 2016.

- Dans la nuit du mercredi 23 au jeudi 24 mars 2016, un incendie s'est déclaré au marché de la Croix des Bossales. Plusieurs marchands et marchandes de toile et de viande ont subi une perte totale de leurs avoirs.

Les incendies dans les marchés du pays sont récurrents. Il revient aux autorités de protéger les intérêts des petits marchands. La volonté politique manque manifestement. Le pays n'est pas doté de services d'incendie pour répondre aux urgences.

- Bon nombre de produits pharmaceutiques se vendent un peu partout sans aucun contrôle. L'heure est grave !
- À longueur de journée des gens mal intentionnés volent les couvertures des égouts, ce qui entraîne chaque jour des accidents de la route. Aucune mesure n'est prise pour corriger cette situation. Le vol de boulons, le manque d'inspection régulière et le tonnage trop lourd des camions qui en font usage, sont bien les causes de l'effondrement du pont sur la Rivière Grise sur la route Neuve près de Cité Soleil.
- Le système de protection civile, en dépit de toute bonne volonté, est incapable de répondre aux urgences.
- 45 personnes sont décédées suite à la consommation d'alcool frelaté ; aucune enquête judiciaire n'est effective pour retracer l'origine du secteur de contrebande qui envahit le marché avec des produits mortels. Peut-on alors parler de services effectifs au niveau du Ministère de l'Intérieur et du Ministère du Commerce en pareil cas? Qui contrôle quoi dans le pays ?

Où est l'Etat central ?

Les derniers exemples illustrent bien comment l'insécurité des gens touche à la responsabilité de l'Etat à tout niveau, l'autorité communale aussi bien qu'au niveau de l'Etat central.

- Le pays n'est pas doté d'hôpitaux standards pour répondre à des urgences qui peuvent se produire à chaque moment. Est-ce que chaque hôpital digne du nom ne devrait pas se doter d'un service d'urgence en permanence ? Est-ce que les hôpitaux privés également ne devraient pas prendre en considération les personnes vulnérables ?
- Un système ou politique agricole correcte fait défaut pour stopper la dépendance de l'extérieur et l'in sécurité alimentaire d'une partie importante de la population, alors que le train de vie de nos dirigeants dépasse tout commentaire.

De grandes menaces planent sur le pays : menaces sismiques, épidémiques, cycloniques, alimentaires et environnementales. Les ressources de l'État ne sont pas bien utilisées, la corruption, les raquettes, la contrebande, le gaspillage sont les maîtres mots. Tout ceci caractérise la mauvaise gouvernance. La drogue crée une fausse économie dans le pays, parce qu'elle ne produit rien qui soit utile à la vie. Dans cette pratique malsaine qu'est le trafic de la

drogue, on pointe du doigt le secteur privé des affaires en Haïti, ainsi que le monde des politiciens dont plusieurs tireraient leurs ressources de ces manœuvres déloyales.

La drogue n'est pas facile à indexer, même si elle est très présente dans le pays ; même s'il n'y a pas de cartels de drogue, semblable à ce qu'on voit ailleurs. La drogue finance des gangs et groupes armés, elle leur fournit des moyens financiers et en armes, pour servir des politiciens corrompus et assoiffés de pouvoir garantissant ainsi leur immunité.

- Le dernier scandale en date, est le cas du Manzanares ; sur ce bateau battant pavillon panaméen, la police a découvert 77 kilos cocaïne et 10 kilos héroïne. Ce bateau avait jeté l'ancre à Port-au-Prince le 5 avril 2015.

Parfois, on explique que l'Etat central ne dispose pas des moyens pour répondre convenablement à ses devoirs. Pourtant, suivant la déclaration faite par M. Yourie Latortue, sénateur de l'Artibonite et président de la Commission d'éthique et anti-corruption du sénat, 2 milliard 220 million dollars américains auraient été mal dépensés depuis la présidence de René Préval, jusqu'à la fin de la présidence de Michel Joseph Martelly.

L'Etat, à travers ses institutions et services est obligé de garantir la sécurité publique. Il est inconcevable de constater les nombreux cas qui portent atteinte à la sécurité de la population dans presque tous les domaines, sans qu'aucune mesure ne soit prise pour corriger les lacunes et satisfaire les besoins du citoyen. Les autorités se montrent insensibles pour les droits de la population et refusent à les garantir convenablement. Que veulent les autorités pour le peuple haïtien?

Me Rovelsond Apollon, Av

Recommandations de la Commission Justice et Paix

1- Pour une vision sécuritaire plus articulée, il faut que le Ministère de la Justice et le Ministère de l'Intérieur :

- Organisent une assise ou forum sur la sécurité publique, avec des acteurs impliqués et instances responsables pour la garantir.
- Elaborent une nouvelle approche de la sécurité axée sur la sociologie politique des faits dans la société.
- Elaborent et font voter une nouvelle législation sur le port d'arme qui soit plus restrictive en vue d'un meilleur contrôle.

2- Pour un meilleur encadrement des policiers, le Ministère de la Justice de concert avec le haut Commandement de la PNH doivent :

- Créer un centre d'accompagnement psychologique pour le besoin des policiers et policières.
- Organiser davantage de formation continue pour les policiers et policières, en matière des droits des personnes.

3- Pour sécuriser les marchés et la population en général contre les incendies, le parlement doit voter des lois afin de :

- Créer une unité de police spécialisée dans la sécurité des marchés.
- Organiser des corps de sapeurs pompiers attachés aux marchés publics et équipés pour intervenir en toute urgence en cas de besoin.
- Faire des corps de pompiers autonomes et sous la responsabilité des mairies respectives, parce qu'il appartient aux mairies de veiller sur leur performance.
- Organiser des services d'inspection en permanence pour vérifier le stockage des produits chimiques et inflammables près des marchés et magasins.

4- Pour accompagner et mieux encadrer la population victime des incendies et autres accidents, il appartient au Ministère des Affaires Sociales de:

- Organiser un accompagnement psychologique pour les petit(e)s marchand(e)s, victimes de violences, de catastrophes, ou autres contrebouches ou agressions.
- Accorder via la BNC des prêts aux petits marchand(e)s décapitalisé(e)s par des incendies ou autres contrebouches.

5- Pour combattre l'utilisation des enfants par les gangs armés et assurer une assistance respectueuse des droits de l'enfant, l'IBERS (Institut du Bien Etre Social) et le Ministère des Affaires Sociales doivent :

- Prendre des initiatives comme créer des centres d'accueil, faciliter l'accès aux écoles et développer des activités empêchant les enfants de prendre les rues pour organiser leur vie.
- Elaborer et proposer au parlement de voter une loi spéciale visant à protéger les enfants contre les vulnérabilités.

6- Pour une analyse plus pointue des morts violentes utiles dans un procès judiciaire il faut :

- Avoir un contrôle systématique des morts violentes pour expertise.
- Instaurer et équiper de nouveau l'Institut médico-légal.
- Appliquer tous les principes légaux en matière de mort violente.

7- Pour instaurer un contrôle efficace des produits de consommation dans le pays, de la part de l'Etat, il faut :

- Clarifier les responsabilités en matière de contrôle et d'inspection: qui est responsable au moment de l'importation des produits destinés à la consommation? Quand il s'agit de produits locaux? Quel est le rôle des instances des Ministères respectifs : Ministère du Commerce et de l'Industrie, Ministère de l'Agriculture et le Ministère de la Santé Publique?
- Organiser un contrôle efficace sur les produits importés, pour éviter les scandales récurrents qui menacent la santé publique, et qui restent sans suite judiciaire en après.
- Organiser un contrôle efficace sur les produits de fabrication locale, destinés au marché local.

CE-JILAP

Tablo zak vyolans pou mwa janvye 2016

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Samdi 2 janvye 2016 nan lajounen	Louis Jacques Roselis	Fanm	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 2 janvye 2016 nan lajounen	Santema A.C	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch janvye 2016 nan lajounen	Ferry Gadrone	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 4 janvye 2016 nan lajounen	Levy Fenelon	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Madi 5 janvye 2016 nan lajounen	Fleury Guy	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Madi 5 janvye 2016 nan lajounen	Pierre Clerveau	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 6 janvye 2016 nan lajounen	Jean Charles Beaucejour	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 7 janvye 2016 nan lajounen	Michaud Jean Denis	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 10 janvye 2016 nan aswè	Ti Macky	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye ki nan gang touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Bwanèf	Bal gang	Gang
Lendi 11 janvye 2016 nan Lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri ak bal nan awontman ki te gen ant pwojè Douya ak Bwanèf.	Site solèy, Bwanèf	Bal awontman gang	Gang
Lendi 11 janvye 2016, nan lajounen	Yon Jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri nan awontman gang ant Pwojè douya ak bwanèf	Site Solèy, Bwanèf	Bal awontman gang	Gang
Lendi 11 janvye 2016, nan lajounen	Yon Jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri nan awontman gang ant Pwojè douya ak bwanèf	Site Solèy, Bwanèf	Bal awontman gang	Gang
Lendi 11 janvye 2016, nan lajounen	Yon Jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri nan awontman gang ant Pwojè douya ak bwanèf	Site Solèy, Bwanèf	Bal awontman gang	Gang
Lendi 11 janvye 2016 nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan machin.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Chofè
Madi 12 janvye 2016 nan lajounen	Daphney Darius	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan machin.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Chofè
Madi 12 janvye 2016 nan lajounen	Louis Johnny	Gason	Viktim nan mouri nan aksidan machin.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Chofè
Jedi 14 janvye 2016 nan	Jean Jacques Louis	Gason	Yon jwenn viktim nan mouri yo transpòte l nan mòg Lopital	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
lajounen			Jeneral.			
Vandredi 15 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Simon-pele	Bal gang	Gang
Vandredi 15 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Simon-pele	Bal gang	Gang
Vandredi 15 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Simon-pele	Bal gang	Gang
Samdi 16 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 16 Janvye 2016 Nan lajounen	Yon Dam	Fanm	Viktim nan fè aksidan machin li mouri.	Kafou, wout Ray	Aksidan machin	Chofè
Samdi 16 janvye 2016 nan lajounen	Evens Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Wout Ayewopò	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 17 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara, Delwi	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 22 janvye 2016 nan lajounen	Yon Ajan Sekirite	Gason	Popilasyon an touye viktim nan ak kout wòch, baton pandan manifestasyon.	Dèlma	Zam blanch	Popilasyon
Vandredi 22 janvye 2016 nan lajounen	Claude	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye ki nan gang touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Boston	Bal gang	Gang
Vandredi 22 janvye 2016 nan lajounen	Bellevue Journel	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 23 Janvye 2016 Nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Moun nan popilasyon an touye viktim nan ak bal pou vòl.	Pòtoprens, Ri Dèseza	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 24 janvye 2016, nan lajounen	Yon Jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri nan awontman gang ant Pwojè douya ak bwanèf	Site Solèy, Bwanèf	Bal awontman gang	Gang
Lendi 25 janvye 2016, nan lajounen	Yon Jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Boston	Bal gang	Gang
Madi 26 janvye 2016 nan lajounen	Thomas Sainristil	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye tire viktim nan pandan yon manifestasyon.	Wout nasyonal, Kwadèmisyon	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 27 janvye 2016 nan lajounen	yon jèn gason yo paidantifye 1	Gason	Lapolis tire viktim nan ki te sou moto nan awontman	Pòtoprens, kafoufèy	Bal lapolis	Lapolis
Mèkredi 27 janvye 2016 nan lajounen	yon jèn gason yo paidantifye 2	Gason	Lapolis tire viktim nan ki te sou moto nan awontman	Pòtoprens, kafoufèy	Bal lapolis	Lapolis
Jedi 28 janvye 2016 nan lajounen	Baby Chery	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktим gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Jedi 28 janvye 2016 nan lajounen	Djumy Dorismé	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 28 janvye 2016 nan lajounen	Jean Ovelte Beauvais	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 29 janvye 2016 nan lajounen	Jeff	Gason	Yon kamyon dlo frape viktim nan li mouri lapoula.	Site Solèy, nan Bouklin	Aksidan machin	Chofè
Samdi 30 janvye 2016 nan lajounen	Jean Yvon Messeron	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 30 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Soley, Tènwa	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 30 janvye 2016 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara, Zòn delwi	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
